**Ассаламу гІалайкум!**

# ЦІумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2026 соналъул 12 июнь Рузман № 23 (7954) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъуруш 12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

12 июнь- Россиялъул Къо

## Районалъул бетІерасул барки




**ХІурматиял районцоял!**

РакI-ракIалъ баркула нужеда тIаде щвараб пачалихъиял байрамазул аслияб байрам- Россиялъул Къо.

12 июнь Россиялъул кинабго халкъалъего гІадин, нилъер районалъул гІадамазеги лъугьана улкаялъул миллатазул цолъи, хъалкъалъул эркенлъи, законалъул ритІухълъи ва ВатІаналъул букІинесеб загьир гьабулеб байрамкъолъун. Россиялъул тарих-гьеб ккола нилъер щивасул гьитІинаб ВатІаналдаса байбихьараб тарих, гьелдехун бугеб нилъер рокьиги ккола Россиялдехун бугеб рокьи. Нилъеда лъала Россиялъул аслияб бечелъи гьениб гІумру гьабулеб халкъ кколеблъи, гьелъул жакъасеб ва букІинесеб бараб буго нилъер гІаммаб захІматалда, жавабчилъиялда ва ритІухълъиялда.

Хириял районцоял! Нилъер районалъул къисмат нилъеда бараб буго, халкъалъул захІматалъ ва профессионалиял церетІеяз, спортивиялгун творчествоялъул бергьенлъабаз чІухІизабураб район буго нилъер.

Улка цебетІеялъе ва тІегьаялъе мустахІикъаб бутІа лъолеб буго нильер районалъул захІматчагІазги, тІуразарулел социлиялгун-экономикиял масъалаби, улкаялда кколел демократиял хиса-басиязул нухккун унел руго церехун.

Гьарула киназего щулияб сахлъи, ракълилаб зоб, парахатаб гІумру ва улка цебетІеялъулъ лъикІал хІасилал.

**Шамил ГІумаров,** районалъул бетІер

## Байрамалъул тарих

Щибаб соналъ Россиялда 12 июнь кІодо гьабула пачалихъияб байрам хІисабалда. Гьеб ккола Россиялъул Федерациялда бищунго кІвар бугел миллиял байрамазул цояб. Гьелъул тарих байбихьана 1990 соналъул 12 июналда. Гьеб къоялъ РСФСРалъул халкъиял депутатазул тІоцебесеб съездалъ къабул гьабуна РСФСРалъул пачалихъияб суверенитеталъул декларация. Документалда лъазабун букІана Советияб Союзалъул къанунназул актаздаса Россиялъул республикаялъул Конституциялъул ва къанунназул тІокІлъи цІикІкІараб букІин, тасдикъ гьарун рукІана гражданазе, политикиял партиябазе ва жамгІиял гІуцІабазе ращадал ихтиярал, чІезабун рукІана законодательниялъгун исполнительниял ва судалъул органазул ихтиярал рикьиялъул принцип, лъикІаблъун бихьизабуна регионазул ихтиярал цІикІкІинари.

Нилъер улкаялда гьеб байрам тІоцебе кІодо гьабуна 1995 соналъул 12 июналда, доб мехалъ гьелда официалияб гуреб къагІидаялъ абулаан Россиялъул миллияб эркенлъиялъул къойилан.

1998 соналда РФялъул президент Борис Ельциница рес кьуна гьелда Россиялъул къойилан цІар лъезе. Амма 12 июнь Россиялъул къолъун официалияб къагІидаялъ чІезабуна гІицІго 2002 соналда, Россиялъул Федерациялъул цІияб ЗахІматалъул кодексалъ гьеб официалияб къаг1идаялъ лъазабуралдаса хадуб. Гьеб ккола Россиялъул бищунго гІолохъанал миллиял байрамазул цояб, гьанжесеб Россиялъул Федерация лъугьин бихьизабулеб шартІлъун, гьелъ ракІалде щвезабула аралдаги жакъаселдаги гьоркьоб бугеб бухьен, гьединго улка цебетІеялъе халкъазул цолъиялъул бугеб кІвар. Гьелъ бихьизабулеб буго пачалихъияб гІуцІиялъул, Конституциялъул, гражданазул ихтияразул ва эркенлъиялъул къимат. Россиялъул гІаламаталлъун лъугьана РФялъул байрахъ, герб ва гимн.

Жакъа халкъалъ байрам кІодо гьабула цохІо официалияб тарих хІисабалда гуребги, миллаталъего гІахьалаб байрамлъун.

**ГІубайдула Малачдибиров**

## Къо-мех лъикI, лъималазул ах!

**«Дур анлъабго лъагІел, ахирияб дарс,**
**Ахирияб суал, ахираб жаваб.**
**Жиб-жиб рокъоб щвараб щобил багІарбакъ,**
**Садик лъугІана жакъа гьитІичаз.»** - Расул ХІамзатовасул «МагІарулай» поэмаялъул мухъал ракІалде щвана гьал къояз Агъвали к1иабилеб лъималазул ахикь тІобитІараб «Къо-мех лъикI, лъималазул ах!» тадбиралде щведал. Дун шагІирги гьечІелъул, тІаса лъугьине ватила КІудияв шагІир дидаса жиндир мухъал хисизарунин, амма щаялиго Асият ва гьелъул классцоял церечІолел рукІана берцинго ретІа-къарал гьитІичазухъ балагьидал. БитІараб буго: анлъго сон барал ахалъулалги, чІиргъи-хъуялда роха-хинлъун расандулел рукІарал, тарбиячагІазул гьаракь рагІичІого ва анцІила анлъго сон барал, сабурал, гІодоре риччарал, школалъулгун къо-мех лъикI гьабулаго пашманлъиялъул магІу ххуларал гІолилалги цого къагІидаялъ рукІинаро, амма гьеб сурат ва рагІаби ракІалде щвана роха-хинлъарал улбулги, ахалъулалги, гьитІичалгун гьалбалги гьенир рихьидал.

Цо лахІзат арабгІанги гьитІичазда лъачІониги, ахалъул хъаравуласдаса бахъараб нухмалъулелде щвезегІан хъинтІараб ункъо лъагІелалъул тІоцебесеб хІасил бачи кола гьеб. Берцинго мацІ бицунарел, жидерго хъизаназда цо-цо, кІи-кІи гурони гьечІел лъимал кІудияб коллективалде рачІиндал рихха-хичарал, цоцаде ругьунлъуларого, гьаб кваналаро, доб бокьун гьечІо, эбелалъухъе къваригІун буго абун чІамучІлъун рукІунел гьитІичал жакъа руго выпускникаллъун, сонжакъа ахалде рачІаразул «удаманаллъун». Гьеб букІана гьитІичазулгун гьенир рукІаралщиназул ракІазулъ кІочонареб асар тараб къо.

Ахалъул азбар релълъун букІана маргьабазул гьундузде: кьер-кьерал понцІераби, къадазда рахъун маргьабазул героязул ва чІван гьитІичазул ахалъул гІумрудул суратал, бакъул чІоразгун берцинал тІугьдуз цІезабун сверухълъи-кинабго букІана рекъезабун.

«Радуга» ва «Капельки къокъабазул тарбиячагІи СалихІат ГІабдуразакъовалъул ва Расима СаидхІасановалъул нухмалъиялда гъоркь цере рахъарал гьитІичаз ахІана ва рикІкІана кучІдул, баркалабазул рагІаби абуна ахалъул хІалтІухъабазул ва жидерго эбел-инсул рахъалъ, гьаруна батІи-батІиял миллиял кьурдаби ва рихьизаруна инсценировкаби. ГьитІичаз кІудияб гъирагун бихьизабуна жидеда лъалеб ва малъарабщинаб. Байрамалде лъималазухъе ячІун йикІана «гьайбатай Баба Ягаги». Гьелъиеги гьитІичаз рихьизаруна батІи-батІиял сценкаби. «Баба Ягаялъ» хал гьабуна ахалъулал школалде ине хІадур ругищали, гьелгун ракI рагъараб балъгояб гара-чІвариги гьабун. ГьитІичазги жал лъикI цІализе ругин кьуна рагІи.



Рохалилаб байрамалъул аслиял «гІайибиязе» ва гьезул эбел-инсуегун ахалъул хІалтІухъабазе баркала загьир гьабурал рагІаби абуна педагогикияб захІматалъул ветеран, лъайкьеялул управлениялъул хІалтІухъан ПатІимат ГъазимухІамадовалъ, ахалъул нухмалъулей Хадижат ХІасановалъ ва лъималазул улбуз.




ГьитІичазе кьуна ах лъугІиялъул дипломал, гьезул улбузегун умумузе-баркалаялъул кагътал. ГьитІичаз, жидерго рахъалъан, тарбиячагІазеги кьуна ракІалдещвеялъе сайгъатал. Байрамалъе ахир лъуна рак1алде щвеялъе суратал рахъиялдалъун.

Байрамалъул рохалилаб асар гІемералъ хутІила гьитІичазул ракІазулъ. Гьезул жеги цебе буго ургъелагъаз гьечІеб лъимерлъи. Гьарилин гьезие талихІаб, гвангъараб ва гІемерсоназулаб гІумру. Лъималазул ах букІа абе гьезие гьеб киналдего тІамураб тІоцебесеб рохалилаб галилъун.

**Хадижат Залимханова**

**Махщалие ритIухъал**

# Руччабазул сахлъиялъул хъаравуллъуда

Дирго къваригIелалъ райбольницаялде щварай дида, гьенир регун ругел унтараз гьарана жидер рахъалъан баркала загьир гьабеян бетIералда Хейруланам Дибирасулаевгун тIолго коллективалъе. Хинаб бакъул къоялъул хIурматги гьабун, больницаялъул азбаралда гIодор чIун ругел гьел рукIана цоял - хирургиялдагун терапиялда, цогидал - лъималгун цадахъ лъималазул отеделениялда регарал. Хъулухъги тIубан, нахъюссун ячIуней дида аскIоре рачIарал гIолохъанал ясаз, магIил рецIцIарал бералги рацIцIунаго, «Нижер рахъалъанги загьир гьабе баркала гинекологиялъулгун лъимал гьарулеб отделениязул тIолго коллективалъе»-ян абидал, гьезул рохел бичIчIарай дирги магIу ххулана. ЦIияв инсан дунялалде вачIи гьездаги баркун, гьезул рохалил асаралда гьорлъ ячIуней дун ракIалдещвеязул щенон балеб цIадалъ ячана рикIкIадал 1978 ва 1990 соназде…

Гьединалго тарихалги, ракIалдещвеялги гIумруялда жанир гIемер рукIаниги, жакъасеб гьитIинабго макъалаялъе цебергIи гьел тарихаздалъун хьван телин...

...Тохтурлъиялъул ва живго тохтурасул махщелалъул бугеб кIварги, жавабчилъиги дида бичIчIана щуго сон барай яс дунго йигеб мехалъ, гьанжего гьанже дунялалде вачIарав вац АхIмад ва эбел тохтурзабазул «къайимлъиялде» ккедал. Жакъа эбел, метер вац хвелин хIинкъи букIана нижер рокъосезул. Амма, доб мехалъ Аллагьас гьезие кьурал къоял лъугIун рукIун гьечIоха. Гьезие сабабалъе БетIергьанас ритIана унтараздехун ракIунтараб бербалагьиги бугел, жидерго хIалтIул жавабчилъиги бичIчIулел, къаси макьуги, къад рахIатги билараб хIалтIул «бетIергьаби»-тохтурзаби. Бадрудинов ГIисматулагьил, ИсмагIилов АхIмадил, МухIамадов АхIмадил, Багьжат ва Написат Халидовазул, Камилова ПатIиматил ва гIемерал цогидалги тохтурзабазулгун медсестрабазул къайимлъиялда хутIана гьел таманаб мехалъ. Жидер ясгинусги хвасар гьаруралъухъ гьезие баркала кьолел ва дугIа-алхIам гьабулел свакалароан дир кIудичалги тохтурзабазул макьу тарал сардазулги, махщел камилал кверазулги бицунаго. Гьеб мехалъ бижараб пикру букIана дир тохтурлъун яхьинин, щаялиго уколаздасанги хIинкъулароан, цогидал гIадин.

Гьелдаса нахъе ана таманал сонал. Вац гьавидал школалдецин инчIей яс йикIана дун тохтурлъун яхьилин. Амма школа ахиралде щолеб мехалъ ва анищ тIубазе Пензаялде цIализе ине йигин абун, живгоги цIар арав тохтура, имгIал Адильхание щулияб рагIиги кьун йигей дир пикру думалъго хисизабураб, жакъаги ракIалдаса жиб унареб иш ккана: унтана дир гIагарлъиялъул чагIи. «Медицина катастроф» абураб рагIи гьеб мехалъ рагIана тIоцебесеб нухалъ. Вертолеталда роржун чанги вачIана довго имгIал Адильхан ва цогидаги тохтурзаби гьанибго кумек унтаразе гьабизе яги гьел МахIачхъалаялде рачине. Ккана хIужаби дунго больницабазде ккедал, операция гьабулаго, столалда тIадго гIагарлъиялъул чагIиги хун, тохтурзабаз халгIатал нахъе рахьаралги, щибги бицун жал къватIир жидехъ балагьун чIун ругел унтаразул гIагарлъиялъул бадире ралагьизе инел абун угьун хIухьелгун. Думалъго батIайиса бичIчIана щуго ва анцIила щуго сонилъ дир ботIролъ бессараб тохтурлъиялъул бугеб кIвар ва жавабчилъи.

-Жакъа тохтурасул бакIалда дунго йикIарайани, щиб дица бицине букIараб унтарасул гIагарлъиялда яги, гьелъул гIаксалда, кинаб пикру дир бижине букIараб тохтурасул рахъалъ, хварасул гIагарлъиялъул бакIалда йикIарайани? - абурал пикрабаз кинго рекIее рахIат течIо. Бихьана гIагарав чи хвасар гьавизе кIвечIел тохтурзабазда букIараб хIал. Аллагьас рикIкIад гьареги гьединал, къанагIатал рукIаниги, медперсоналалъул хIалтIулъ жидецаги цо хасаб бакI кколел пашманал къоял.



ТIокIаб тохтурлъиго гьабиларин, халгIаталги рахъун, хIалтIудаса аралги камичIо…

-ЦIияв инсанасе дунялалде «нух рагьарал» СагьиратIиегИ, Луизаеги, щибаб нухалъ жиндирго «щулияб бербалагьиялда гьоркь» ургьиб бугеб рухI УЗИялдаса ккурай Заринаеги, тIоцебесеб хIухьелги гьаракьги инсанас биччазегIан аскIой эхетарай ПатIиматиеги, цIарал рехсечIониги, санитаркабигун медсестрабазеги баркала,-ян абуна ясаз ва бицана анцIго соналъ лъимер бижинчIого, чанги больницаги тирарай, тохтурзабазухъеги щварай, жидерго кIудияй яцалъул рохел гIахьал гьабизе хIинкъунги ругин жал амма бокьунги бугин абун. -Нилъер ясал-тохтурзабазул ракIунтараб бербалагьиялъги, яцалъе гьарурал сахгьариязги анищ тIубана ахир-къадги. ЦIияв инсан ракьалде вачIана, АлхIамдулиллагь. Дагьалищха нижер яц гIадинал ясал ратилел, гьоркьосан къотIичIого ПатIимат ГIабдулаевналъухьеги, Сагьират Юсуповналъухьеги, Луиза ХIажиевналъухьеги рачIунел?!

...Исана кIикъого сон буго лъимал гьарулеб отделениялъул нухмалъулей ПатIимат МухIамадовалъул райбольницаялде хIалтIизе ячIаралдаса. ТIоцебесеб къоялдасаго нахъе бихьизабуна гьелъ жий ракIалъ тIаса бищараб махщалие ритIухъай гIадан йикIин. Гьелда институталдаги бицун букIана, хадуб хIалтIудаги бичIчIана тохтурасул лъан-лъачIого биччараб гьалатIалъ хьизаналъул гIумрудулъ лъилъулареб ругьун толеблъи. Школалдаго йикIун бокьараб тохтурасул махщалие гьей хилиплъичIо цо лахIзаталъги. Киналго рахьалги ричIчIун, рорцун, бачана хIалтIи цебе. Жакъаги кьерда йиго гIолохъанал специалистазе насихIатчIужулъунги, яцлъунги.

-Нижер хIалтIуда бараб бугин абуниги мекъи ккеларо миллаталъул суал,-ян абулаан гьелъ цо-цо гьимун. -Гинекологазда бараб гIемераб букIуна руччабазул гIумрудулъ. Хасго гьел цоцада ричIчIун, тохтурзабаз малъарабги гьабун, ичIабго моцIалъ жийгоги лъимерги цIунани. Гуронани, «Гьазул жо ккоаро, гьазда лъалеб щиб?»-ги бицун, больницабазде хьваданин абун, гIемерисеб мехалъ ккезе жо букIунаро. ГIужда битIизабичIони гьалатIги, сах гьабичIони сакъатги, гьелъ хIасилал пашманал кьола. Гьеб битIараб бугин тола дица. Тохтурзабазул гьалатI яги чIужугIаданалъул бичIчIунгутIи сабаблъун миллатго хвезе бегьилищха? ЧIужугIаданалъул сахлъиялда бараб бугелъул ракьалде цIияв инсан вачIиналъул суалги. Гьевги миллаталъул вакил кколелъул цIияб магIишат, цIияб хъизан гIуцIизесев.

КIикъого сонилаб практикаялда жаниб дагьал рукIинчIо ПатIиматилги ракIалдаса унарел чанги лъугьа-бахъинал сардил макьуги тун, гIумру, цо-цо мехалъ, кIигоги гIумру хвасар гьабизе ккараб.

-Дие битI ккана ПатIимат ГIабдулаевналъул нухмалъиялда гьоркь хIалтIизе щвей,-ян харбиде жуяна Луиза ЗулхIужаеваги. -5-6 курсазда цIалулаго бичIчIана акушерствоялдехун цIайи цIикIкIараб букIин. Бихьарасда гурони бичIчIуларо кигIан захIматаб хIалтIи нижер бугебали: кIиго рухIалъул жаваб тIаде босизе ккей. Камуларо кIиго-лъабго лъимал цадахъ гьариялъул хIужабиги. Гьеб мехалъ жеги цIикIкIун букIинарищха нижедаса тIалаб. Амма тIоцебесеб гьаракь лъимералъги биччан, эбелалъул каранда лъимер лъедал, гьелъул бералъан тIинкIараб щукруялъулги рохалилги асар жубараб магIилги бaгьаялъул бакIлъи борцун хIалкIоларо ва рекIее лъугьунеб батIияб асаралъул бицун бажаруларо. Мунги «гIайибияй» йигелъул цIияб гIумру дунялалде бачIиналъулъ. Уха. Гьеб буго захIматаб махщел гуребги, макьу тарал сардалги, чорхол рахIат бахъинги, тохтурасулгун йикIинесей эбелалъул хIинкъа-къайги. Ва амма, цIияв инсанас «Дунги нужехъе вачIанин, лъикI ратарал, гIадамал!»- абун лъазабун биччараб гьаракьалъ гьеб кинабго кIоченеги гьабулаха цинги. Цо лахIзаталъги рекIекълъичIо акушеркалъун яхьиналдаса, цIидасанги махщел тIаса бищизе изну кьуни, гьебго бищилаан. Дие бокьула тохтурлъи. ГIумруялъ райбольницаялда кIудияй медсестралъун хIалтIарай Разакъова Аминатица, ай, дирго эбелалъ, бижизабуна дилъ медицинаялде рокьи...

1989 соналъ Дагъмединститутги лъугIизабун хIалтIизе ячIаралдаса нахъе хIалтIулей йиго Луиза ХIажиевна гинекологияб отделениялъул заведующаялъун. Микьабилеб классалдаго лъалаан гьелда тохтурлъун гурони, цоги батIияб цIали гьабизе жий ине гьечIеблъи ва гьелъие «гIайибияйлъунги» жиндирго эбел рикIкIунаан.

-Дирги гьебго пикру буго,-ян тIаде жубана Сагьират Сулеймановалъги. -Руччабазул тохтур вукIине ккола цогидал тохтурзабаздаса кIиго нухалъ цIикIкIун лъай бугевги, жинда тIад бугеб жавабчилъи бичIчIулевги, цохIо гинекологлъун гуревги, киналго махщелал кодосев тохтур-универсаллъун, хехаб куцалда гьабизе, тIубазе ккараб гIорхъолъа борчIараб иш ккани, специалистал тIаде щвелалде замана гIадада биччачIого, кIиго рухI хвасар гьабизе хIадурав. Нижер махщелалъул аслияб жо буго цогидал унтабазде дандеккун, бицизе цодагьаб нечараб тематика бугеб, амма гьелдаго цадахъ, гIисиназдаги чIахIияздаги бичIчIизабизе кколеб, дагьабниги нужер вас-вас ккараб хIал чорхол бугони, нахътIамун течIого, хал гьабизе тохтурасухье рачIине кколеблъи. ЦIияб гIумруялде цIияв инсан ракьалде сахсаламат вачIиналъул кIвар бугеб суал кколелъул нижер хIалтIи. Дунгоги рикIкIадаб мугIрузул росулъ гьаюрай гIурай гIаданалда бихьана кинал шартIазда росабалъ руччабаз лъимал гьарулел рукIарабали ва анищ букIана дунгогIадинал ясазеники шартIал гIуцIизе цIияб гIумру ракьалде бачIине…

Лъабайго ккола Дагъистаналъул мустахIикъай тохтур, хIалтIулгун гIумрудул хIалбихьиги цIикIкIарал, щиб суалгун аскIоре аниги, духьги гIенеккун, гьабизе кколебщинаб малъулел, рагIа-ракьанде щун пациентазул хал гьабулел. Гьездаса нахъе къарай гьечIо, чIахIияз абухъего, «гIолохъанай» специалист, жиндирги хIалтIул хIалбихьи анцIила микьго сон бугей Зарина Гьайирбековаги. ЦохIо районалдаса гурелги, нилъер мадугьалзаби балъхъалгун гIахьвалалги, цIунтIалгун бежтIалгицин рачIуна гьелъухье УЗИ гьабизе.

-ХIинкъиялъул берал чIахIиял рукIулин буго гIурусазул аби, лъаларо, дица таржама битIун гьабунищали, амма гIуждаги рачIун, сахлъиялъул халги, тохтурзабазул малъа-хъваялги гьаруни, хIинкъизе щибго букIунаро, хасго гIолохъанал улбузе. Нилъер руго махщалил тIадегIанаб категориялъул, бокьараб суалалъе хIажатаб жаваб жидехъан щолел, гIезегIан лъикIал тохтурзаби, йохарай ва чIухIарай йиго гьединал насихIатчагIи дир рукIиналдаса, ракьсордоялъ ахIаниги, хIалае жал рачIунел. Щибниги вас ракIалде ккоге гьазда аскIоре нужерго суалалъ рачIунеб мехалъ. Ниж хIадурал руго пациентазул мурадал тIуразе, районцоязул къадар цIикIкIиналъе улбузул сахлъиялъул хъаравуллъуда кIвахI лъачIого хIалтIизе ва, аслияб жо, цIияв инсан ракьалде вачIунаго, гьесда «аскIор рахьун чIезе», гьезул рохел гIахьал гьабизе.

БитIараб буго Заринал. ХIинкъиялъул асаралъул бакIлъи кутакаб буго. Амма, абухъего, тIад балагьунги, кIалъаялдасанги лъала инсан жиндирго бакIалда вукIин. Нилъер ясал-тохтурзабазул кидаго букIунаро чи вихьун, чванта бихьун унтаразе хъулухъ гьаби. Гьезие гьел руго цого чагIи-жидер къайимлъиялде ккарал пациентал. Бихьана поликлиникаялда гIолохъанай ясалъул хIинкъигун сородиги, гьелъие малъа-хъваял гьарулей эбелалъул рекIел хIалги. Жидерго хIалтIиги тун, кабинетаздасан къватIиреги рачIун, берцинаб мацIалдалъун, хIакъикъиял мисалалги рачун, ясаз гьабураб малъа-хъваялдагун бичIчIикьеялъул кIалъаялда бахиллъизе бачIана. Ясалъул хIинкъиги ана, рекIее парахалъиги щун, жанахIалда гьабураб прием-консультация кабинеталда лъугIизабизе, кIудияб божилъигун, жание ана. БитIахъего, йоржун ячIана гьей къватIие, «бищун лъикIал тохтурзаби» бицунаго.

Иргадулаб нухалъги бихьана жакъасев тохтур вукIин заманалда цадахъ галабиги тIамун, хIалтIул хIалбихьиги, камилаб махщелги бугев специалист гуревги, ахIи-хIуралдалъун, хьачIаб гьаркьидалъун гуреб, берцинаб каламалдалъун унтаразул ракIазе парахалъиги кьолев, сахгьариялъул цIи-цIиял къагIидабиги лъалев лъикIав психологги, дипломатги вукIин.

Жакъа, «имгIал» GoogIидаги «ункъачо» Alisaдаги лъалареб ва гьикъулареб жо гьечIеб гIасруялда, киналъего хIадурал жавабалгун рачIарал унтаразул божи-хъул букIуна жидер унтуе дару Луиза ХIажиевналъги, Зарина МухIамадовналъги, Сагьират Юсуповналъги, ПатIимат ГIабдулаевналъги гьабилилан ва гьел мекъиги кколаро. GoogIалъги Alisaцаги гурин, хIалкIолев Аллагьасин даруги гьабулеб, сабабги батулеб, берцинаб каламги, ракIунтараб бербалагьиги гьезухъан жидее щварал ясазул хIасилин букIараб макъалаялъул байбихьуда цIияв инсан дунялалде вачIиналъул бицен. Нилъер тохтурзабийин дол «гIайибиял» рукIарал иргадулаб хъизаналде додинаб рохел бачIиналъе. Гьел ва гьезда релълъарал цогидалги тохтурзаби ругебгIан мехалъ, чанги рагIила нилъеда цIияв инсан дуниялалде вачIиналъул рохел лъазабураб туманкIул кьвагьи.

Йохула доя-гьание щвараб мехалъ нилъер тохтурзабазул биценги ккун, гьезухъе араб мехалъ ккараб сабабалъул хIасил бугин гьалан гьез каранде къалел яги кодор ккурал лъимал рихьидал.

ЦохIо жидерги хьван течIого, тIолго коллективалъул хьвайилан чIана ясал, санитаркаги медсестраги ругин жидер кваранал квералин, чанги захIматкъо жидеца борхарал.

-Гьеллъидал гьазда аскIор рукIунел къасиги къадги дежурствабазда. Ниж цо къокъа буго ва кидаго хIаракатги бахъула цадахърекъон хIалтIи цебехун бачине. Бокьун буго тIаде щолеб медицинаялъул хIалтIухъанасул байрам баркизе тIолго пишацоязда ва гьаризе сахаб букIинеселъе гIоло кIвахIтун къеркьезе къуват-жан. ГIемерлъаги нилъее цIияв инсанас жив ракьалде вачIин лъазабун ричалел гьаркьалги, гьездаса рохарал улбузулгун тохтурзабазул бадиб гьимиги…

**Хадижат Залимханова**

# О мерах пожарной безопасности в весенне-летний пожароопасный период

Наступление весенне-летнего пожароопасного периода всегда отмечается резким ростом пожаров, связанных с выжиганием сухой растительности. Повсеместно вдоль автомобильных дорог, на лугах, осуществляется выжигание сухой травы. На полях сжигается стерня, пожнивные остатки, разводятся костры и сжигается мусор, как на территории, прилегающей к домовладениям граждан, так и на объектах различной форм собственности. Весенние палы становятся обыденностью, как для хозяйств, так и для владельцев личных приусадебных участков.

Существует ошибочное мнение, что жечь весной прошлогоднюю траву полезно для природы и, что после палов зелень растёт лучше. В действительности, нет ничего более вредного для природы, чем огонь. Конечно, через некоторое время после палов сквозь черноту пожарища начинает пробиваться зелень, но здесь уже не увидишь прежнего разнотравья. А вот многолетние сорняки с мощной развитой корневой системой легко переносят палы и потом захватывают большие освободившиеся территории.

С наступлением весны люди спешат привести в порядок свои владения и прилегающую территорию, при этом, забыв о требованиях пожарной безопасности, сжигают бытовой мусор и сухую растительность, не задумываясь о том, что могут причинить вред не только своему имуществу, но и рискуют получить серьёзные травмы и потерять самое дорогое - жизнь.

В соответствии с Правилами противопожарного режима в Российской Федерации необходимо обеспечивать своевременную очистку территорий от горючих отходов, мусора, тары, опавших листьев и сухой травы. Не допускается сжигать отходы и тару в местах, находящихся на расстоянии менее 50 метров от зданий и сооружений.

Также запрещается на территориях поселений устраивать свалки горючих отходов. На период устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды, а также при введении особого противопожарного режима на территориях поселений вводится запрет на разведение костров, проведение пожароопасных работ на определённых участках, на топку печей, кухонных очагов и котельных установок. Не загромождайте проезды и противопожарные разрывы между зданиями строительными и другими горючими материалами, это воспрепятствует проезду пожарной техники.

В частных домах мусор, который невозможно как-либо использовать, следует собрать в контейнер и увезти на специально оборудованную мусорную площадку, а около дома на весь весенний и летний период необходимо обеспечить наличие ёмкости (бочки) с водой или огнетушителя.

Если около вашего дома горит мусор или сухая трава, попробуйте потушить огонь самостоятельно, забив его ветками, засыпав землей, залив водой.

При обнаружении возгорания немедленно сообщите в пожарную охрану по телефону «01», «101» или «112», точно назвав адрес места происшествия.

К сожалению, как показывает практика, в ряде случаев пожары обусловлены и недостаточной культурой производства. Это, прежде всего, касается содержания территории объектов. Риск возникновения пожаров усугубляется тем, что предпосылки для возникновения пожаров создают сами лица, ответственные за противопожарное состояние.

Многие жители в выходные дни проводят время на природе возле водоёмов и рек, выезжают на рыбалку и на отдых. Часто такой досуг сопровождается разведением костров, а это вполне может послужить причиной природных пожаров. Их тушение - огромный труд многих людей и существенные материальные затраты.

ОНД и ПР № 15 напоминает об ответственности за нарушение требований пожарной безопасности. Так, согласно части 1 статьи 20.4 Кодекса об административных правонарушениях Российской Федерации нарушение требований пожарной безопасности влечёт предупреждение или наложение административного штрафа на граждан в размере от пяти тысяч до пятнадцати тысяч рублей; на должностных лиц - от двадцати тысяч до тридцати тысяч рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от сорока тысяч до шестидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от трехсот тысяч до четырехсот тысяч рублей

Действия, совершённые в условиях особого противопожарного режима, согласно части 2 статьи 20.4 КоАП РФ влекут наложение административного штрафа на граждан в размере от десяти тысяч до двадцати тысяч рублей; на должностных лиц - от тридцати тысяч до шестидесяти тысяч рублей; на лиц, осуществляющих предпринимательскую деятельность без образования юридического лица, - от шестидесяти тысяч до восьмидесяти тысяч рублей; на юридических лиц - от четырехсот тысяч до восьмисот тысяч рублей.

Особую тревогу вызывают случаи, когда виновниками, а иногда и жертвами пожара становятся дети. С приходом тёплого времени года дети большую часть времени проводят на улице, пользуясь отсутствием должного внимания со стороны родителей, нередко с друзьями жгут костры - и всё это вполне может обернуться крупным пожаром.

Необходимо существенно изменить сложившуюся ситуацию, каждый из нас должен осознать всю важность существующей проблемы. Ведь в подавляющем большинстве своём виновниками происходящего являемся мы с вами, а точнее - наши беспечность и бескультурье.

ПОМНИТЕ! Только строгое соблюдение требований пожарной безопасности может предупредить пожары и не допустить беды!

**ОНД и ПР № 15 по Ботлихскому, Гумбетовскому, Ахвахскому и Цумадинскому районам УНД и ПР ГУ МЧС России по РД**

## Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

1.Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан.

2.Цель установления ПС: Складирование строительных и иных материалов, возведение некапитальных строений, сооружений (включая ограждения, бытовки, навесы) и (или) размещение строительной техники, которые необходимы для обеспечения строительства линейного объекта системы газоснабжения и его неотъемлемых технологических частей «Газопровод межпоселковый от межпоселкового газопровода к н.п. Эчеда к н.п. Инхоквари, н.п. Квантлада, н.п. Сантлада, н.п. Хонох с отводом к н.п. Хварши Цумадинского района Республики Дагестан» в соответствии с пунктом 2 статьи 39.37 Земельного Кодекса Российской Федерации.

3.Адрес или иное описание местоположения земельного участка (участков), в отношении которого испрашивается ПС: ЕЗП 05:38:000084:2 (05:38:000084:3), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; ЕЗП 05:38:000082:13 (05:38:000082:12), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; ЕЗП 05:38:000070:7 (05:38:000070:5), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; ЕЗП 05:38:000069:7 (05:38:000069:5, 05:38:000069:6), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; 05:38:000054:514, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Хварши; 05:38:000054:298, Республика Дагестан, р-н. Цумадинский, с/с. Хваршинская с/администрация; 05:38:000053:337, Республика Дагестан, м.р-н Цумадинский, с.п. сельсовет Инхокваринский, с Квантлада, ул Имени Халила Хучбарова; 05:38:000053:326, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада; 05:38:000053:324, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Инхоквари; 05:38:000053:318, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада; 05:38:000053:187, Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с/с «Инхокваринский»; 05:38:000053:136, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада; 05:38:000088, Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000090, Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000054, Республика Дагестан, р-н Цумадинский

4.Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан, село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2 тел. +7 (8722) 55-11-70 tsumadarayon@e-dag.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений: в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

5.Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

6.Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве:

I. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 - 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57;

II. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

7.Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

8.Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан, село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2; сайт: http://mr-tsumada.ru.

9.Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

## Сообщение о возможном установлении публичного сервитута

1.Наименование уполномоченного органа, которым рассматривается ходатайство об установлении публичного сервитута (далее-ПС, Ходатайство): Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан.

2.Цель установления ПС: Строительство и эксплуатация линейного объекта «Газопровод межпоселковый от межпоселкового газопровода к н.п. Эчеда к н.п. Инхоквари, н.п. Квантлада, н.п. Сантлада, н.п. Хонох с отводом к н.п. Хварши Цумадинского района Республики Дагестан» в соответствии с пунктом 1 статьи 39.37 Земельного Кодекса Российской Федерации.

3.Адрес или иное описание местоположения земельного участка (участков), в отношении которого испрашивается ПС: ЕЗП 05:38:000084:2 (05:38:000084:3), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; ЕЗП 05:38:000082:13 (05:38:000082:12), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; ЕЗП 05:38:000070:7 (05:38:000070:5), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; ЕЗП 05:38:000069:7 (05:38:000069:5, 05:38:000069:6), Республика Дагестан, р-н. Цумадинский; 05:38:000054:514, Респ. Дагестан, Цумадинский р-н., с. Хварши; 05:38:000054:298, Республика Дагестан, р-н. Цумадинский, с/с. Хваршинская с/администрация; 05:38:000053:337, Республика Дагестан, м.р-н Цумадинский, с.п. сельсовет Инхокваринский, с Квантлада, ул Имени Халила Хучбарова; 05:38:000053:326, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада; 05:38:000053:324, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Инхоквари; 05:38:000053:318, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада; 05:38:000053:187, Республика Дагестан, р-н Цумадинский, с/с «Инхокваринский»; 05:38:000053:136, Республика Дагестан, Цумадинский р-н., с. Квантлада; 05:38:000088, Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000090, Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000054, Республика Дагестан, р-н Цумадинский; 05:38:000053, Республика Дагестан, р-н Цумадинский

4.Адрес, по которому заинтересованные лица могут ознакомиться с поступившим Ходатайством и прилагаемым к нему описанием местоположения границ ПС, подать заявления об учете прав на земельные участки, а также срок подачи указанных заявлений, время приема заинтересованных лиц для ознакомления с поступившим Ходатайством: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан, село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2 тел. +7 (8722) 55-11-70 tsumadarayon@e-dag.ru, время приема: по предварительной записи. Срок подачи заявлений в течение 15 дней со дня опубликования настоящего сообщения о возможном установлении ПС.

5.Официальные сайты в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещается сообщение о поступившем Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

6.Реквизиты решений об утверждении документа территориального планирования, документации по планировке территории, программ комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, а также информация об инвестиционной программе субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, указанных в Ходатайстве:

I. Программа «Газификация жилищно-коммунального хозяйства, промышленных и иных организаций Республики Дагестан на 2022 – 2031 годы», соглашения о взаимном сотрудничестве и Договоры по газификации между администрациями регионов РФ и ПАО «Газпром», предусматривающие осуществление программы газификации в регионе; концепция участия ПАО «Газпром» в газификации регионов РФ, утвержденная Постановлением Правления ОАО «Газпром» 30.11.2009 №57;

II. Распоряжение Правительства РФ от 15 декабря 2021 г. № 3603-р «Об определении ООО «Газпром газификация» единым оператором газификации подтверждает сведения о лице, представившем ходатайство об установлении публичного сервитута».

7.Сведения об официальных сайтах в информационно-телекоммуникационной сети «Интернет», на которых размещены утвержденные документы территориального планирования, документация по планировке территории, программа комплексного развития систем коммунальной инфраструктуры поселения, муниципального округа, городского округа, инвестиционная программа субъекта естественных монополий, организации коммунального комплекса, которые указаны в Ходатайстве: http://mr-tsumada.ru

8.Описание местоположения границ ПС: в соответствии с графическим описанием местоположения границ ПС, с которым можно ознакомиться по адресу: Администрация муниципального района Цумадинский район Республики Дагестан, село Агвали, ул. К.Абакарова, д. 95/2; сайт: http://mr-tsumada.ru.

9.Кадастровые номера земельных участков, в отношении которых испрашивается ПС указаны в пункте 3 настоящего сообщения.

## Гьалмагъасе сайгъат

**Дагъаб цебе МахIачхъалаялда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ «КIуяда лига» турниралда бергьарав Гьигьалъе Гьазимухlамадов Юнусида бергьенлъи баркун кечI сайгъат гьабулеб буго гьесул ракIжубарав гьалмагъ ГIабдула Зубаировас.**



Мун тIаде вахарав борхалъиялда,
Бахиллъула, Юнус, чIухIула, гьудул!
Сонал ананиги, свак лъалареб цIум,
Цlумадаса букIин буго цо рохел!...

Аллагьас дуй кьураб кьварараб гIамал
КьуричIо, хисичIо, Хадижатил вас!...
Инсул тарбияги, иманги, яхIги,
Ирсалъе щун буго ГIисадибирил...

ГурхIел-рахIмуялъул хIаракатав вас,
Бузна-нух бахъизе нахъратен кьолев...
Вугев анищ эмен духъ валагьизе,
Дур хъизан-рукъалъул кьимат гьабулев...

Мун дир кочIол асир, божарав гьудул,
Ана тарихалде тирияб лачен!...
РакIчIараб бергьенлъи баркулеб буго,
Баркала, сахлъи дуй, ритIухъав гьудул!...

## Каримуллагь ГIабдулаевасде

Дур бакъназул чвахи, гьезул хIасралъи
ТIибитIана хехо халкъалда гьоркьоб.
МугIрул росабалъги, шагьараздаги
Дур гьунаралъ ккуна мустахIикъаб бакI.

МагIарул бакъназул чвахи цIилъизе,
КьучI щулияб лъурав хуштадерил вас.
МустахIикъав артист, Халкъияв герой
Лъала мун, Маэстро, магIарулазда.

МагIарул бакъназул борхалъи дуца
Квер гIунтIуларелъуб бахинабуна.
Маданияталда жаниб дур цIарги
Меседил хIарпаца хъвала наслабаз.

МагIарул бакъназул пасихIлъи лъазе,
Каримулал бакънахъ гIинтIамун бихье.
МагIарул гIадатги, гIамалги лъазе
ГIабдулаевасул кочIохъ гIенекке.

Мун - Дагъистаналъул чIухIиги, цIарги
Кьеги дуе гIумру нусго соналъул.
Хъизан -лъимадаса вохун хутIаги,
Щулияб сахлъи кьун, бокьухъе таги.

**Якъуб ХIажиханов,** ЦIолбокь росу

### ВагIзаялъул бакIалда

## ГIарцулъ талихI гьечIебила

-ГIарцулъ талихI гьечIилан абула, амма гIарцуда хадур лъугьун рукIуна киналго, -ян абунила гIолохъанчияс цо гIакъиласда.

-Дида гьеб гIарцулъ талихI гьечIилан абураб жоялъул магIна бичIчIуларо. Дуда бичIчIулеб батани, диеги рагье гьеб кициялъул балъголъи.

-Гьединха, дир гьитIинав вац, хIакъикъаталдаги бугеб, -илан жаваб кьунила гIакъилас.

-Балагьеха мунго, гIарцухь бусен-къайи кигIанги лъикIаб босизе бегьула, амма макьу босизе бажаруларо. Квен - тIех чIчIезабизе бегьула - кванде гьира базабун бажаруларо. Мина - мирк босизе рес ккола - рокьоб парахалъи, рахIатаб ахIвал -хIал букIинабизе кIоларо. РекIелгьеб гьабизеги бегьула, амма рохел бичун босизе щоларо. Гьединал мисалал кигIанал рокьаниги рачине бегьула. ХIасил - калам, гIарцухь талихI бичун босун бажаруларо, гьеб жибго бачIчIине ккола.

**АБИ:**
**ТалихIалъ гIорцIичIони, ГIорцIула талихIкьиналъ.**

### Подписка-2026

**ХIурматиял районцоял!**

Унеб буго 2026 соналъул кIиабилеб бащдаб лъагIалие «ЦIумадисезул гьаракь» газеталъе подписка.

Жигар бахье нилъерго газета хъвазе ва гьелдаса пайда босизе.

Газета къватIибе бачIуна щибаб рузманкъоялъ.

**Газеталъул багьа:**
-бащдаб лъагIалие-549, 84 гьур,
**Газеталъул индекс:**
-бащдаб лъагIалие -51377,

### Зигара

Районалъул рагъул ва захIматалъул ветераназул Советалъ зигара балеб афгъаназул рагъул ветеран

**Халилов ГIали ИманмухIамадович**

къадаралде щвеялда бан гьесул хъизан-лъималазда, гIагарлъиялда ва КIванада росдал жамагIаталда.

Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги, хъизан-лъималазе сабруги кьеги.

## Футбольная лига «Цумада»

### Турнирная таблица

| № | Команда | И | В | Н | П | Г | РГ | О |
|---|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | "AMANAT" Эчеда | 6 | 6 | 0 | 0 | 29-11 | 18 | 18 |
| 2 | Маштихи | 6 | 5 | 0 | 1 | 34-15 | 19 | 15 |
| 3 | Кочали | 6 | 5 | 0 | 1 | 25-17 | 8 | 15 |
| 4 | Гадири | 6 | 3 | 2 | 1 | 25-12 | 13 | 11 |
| 5 | Дагкомп Цумада | 6 | 3 | 2 | 1 | 16-9 | 7 | 11 |
| 6 | Верхнее Гаквари | 6 | 3 | 1 | 2 | 25-16 | 9 | 10 |
| 7 | Гигатли-Урух | 6 | 3 | 1 | 2 | 22-15 | 7 | 10 |
| 8 | Эчеда | 6 | 3 | 0 | 3 | 15-17 | -2 | 9 |
| 9 | Эгдада | 6 | 2 | 2 | 2 | 17-23 | -6 | 8 |
| 10 | Нижнее Гаквари | 6 | 2 | 0 | 4 | 22-30 | -8 | 6 |
| 11 | Тинди-Аща | 6 | 1 | 0 | 5 | 19-25 | -6 | 3 |
| 12 | Гачитли | 6 | 1 | 0 | 5 | 9-33 | -24 | 3 |
| 13 | Хуштада | 6 | 1 | 0 | 5 | 16-29 | -13 | 3 |
| 14 | Кеди | 6 | 0 | 0 | 6 | 13-35 | -22 | 0 |

### Результаты

6 июня 2026, суббота. 6 Тур

| | | |
|---|---|---|
| Кеди | 4 : 9 | Верхнее Гаквари |
| Эчеда | 3 : 0 | Гачитли |
| "AMANAT" Эчеда | 6 : 3 | Нижнее Гаквари |
| Эгдада | 3 : 6 | Кочали |
| Хуштада | 1 : 3 | Дагкомп Цумада |
| Тинди-Аща | 0 : 3 | Маштихи |
| Гигатли-Урух | 2 : 4 | Гадири |

### Расписание матчей

13 июня 2026, суббота. 7 Тур

| | | |
|---|---|---|
| Гачитли | 14:00 | "AMANAT" Эчеда |
| Тинди-Аща | 15:00 | Кеди |
| Хуштада | 16:00 | Гигатли-Урух |
| Верхнее Гаквари | 17:00 | Нижнее Гаквари |
| Гадири | 18:00 | Эгдада |
| Кочали | 19:00 | Эчеда |
| Дагкомп Цумада | 20:00 | Маштихи |

### Эркенаб гугари

## Дагъистаналъул къецазда тIоцебесеб бакI ккуна

29-30 маялда Ахты росулъ тIобитIана Дагъистаналдаса СССРалъул спорталъул тIоцевесев мастер ГIабдулали Гьаниев ракIалде щвеялъе



2011–2012 соназда гьарурал гIолилазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ Дагъистаналъул первенство.

Гьенив гIахьаллъарав нилъер районалъул лъималазулгун гIолилазул спортивияб школалъул цIалдохъан Халид ГIубайдулаевас 51 кг. цIайиялда ккуна тIоцебесеб бакI.

Баркула Халидида ва гьесул тренер ХIайбула НурхIажиевасда бергьенлъи.

**Шамил Сажидов**

БетIерав редактор
Малачдибиров
ГIубайдула
СагIадулаевич
(87273) 2-52-44

Жавабияй секретарь
Залимханова
Хадижат МухIамадовна

Техникияй редактор
МухIамадова Батул
МухIамадовна

Редакциялъул
(издателасул) адрес: 368900
Дагъистан Республика,
ЦIумада район, Кьенгьара росу,
Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь»
газета гIуцIарал:
Дагъистан Республикаялъул
«ЦIумада район» муниципалияб
районалъул администрация
(ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана
«Издательский дом «Дагестан»
ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018,
МахIачхъала шагьар,
Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1003
Газеталъул индекс:
51377 (бащдаб лъагIалие)
63302 (лъагIалие)

Адрес электронной почты
Golostsumady@mail.ru

Макъалабазда рехсарал
хIужабазул, тарихазул балъголъи
гъорлъ бугел ва цогидалги
баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована
Управлением Роскомнадзора
по Республике Дагестан.
ПИ №ТУ 05-00434
от 15 июля 2019 г.